Стигланаш, Хаза Делан Ц1а

Делан Дашца истории, Библи

чохь ю

Ивана 14, 2 Коринфян 5,
Схьдийцар 4, 21, 22

"Хьан дешнех бакъдерг кхетаме ду."
Псалом 119:130

19

20

21

22

# Стигланаш, Хаза Делан Ц1а



Автор: Edward Hughes
Иллюстраци йина: Lazarus
Alastair Paterson

Гочдар: www.christian-translation.com
Адаптаци йина: Sarah S.

Истори 60-х 60

**M1914.org**

**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB  R3C 2G1  Canada**

Лицензи: хьан копировать ян я зорбане яккха бакъо ю,
нагахь санна и копи йохка новкъа ца яьккхинехь.

23

Далла хаьа вай деш долу вон х1уманаш.
Цо царех къа олу.  Диначу къина бекхам-1ожалла ю.

Далла Шена оццула дукхадезарна, вайна жа1ари т1ехь валийта а, вайн къинош таккхийта шен к1ант 1иса ваийтина.  1иса сама а ваьлла стигала хьалавахана. Х1инца Дала вайн къинош гечдан тарло.

Хьайна хьайн къинош гечдойла лаахь Деле х1ара ала: Хьомсара Дела, со теша 1иса суна хьалхара вала а велла, стигала хьалавахана хиларх а, ткъа хьинца иза дийна хиларх а.  Доьха хьоьга, сан дахаре а волий, гечдехьа суна сан къинош.  Сан керла дахар хилийта ахь х1инца а, юха т1аккха азаллехь Хьоьца а.  Г1о дехьа суна Хьайн Бера санна ваха.  Амин.

Библи йоьшуш, х1ора дийнахь Делаца хилалаш!

Chechen

1иса дуьнен т1ехь вехачу хенахь Цо шен мут1еламашка Сигланех лаьцна дийцира.  Цо царех "Сан Ден Ц1а" ду а элира, цигахь дула г1ишлош ю а элира.



1

Г1ишло-иза доккха, хаза ц1а ду.  Стигланаш-иза кхин а доккха ц1а ду, дуьнен т1ехь долчулла а.



2


1исас элира: “Со шуна меттиг кечбан воьда. Таккха шуна меттиг кечбиначулла т1аьхьа, Со юха а веана, шу д1адуьгура ду Со волчу.”
3
1иса боккъала а стигал хьалавелира ша денвелчулла т1аьхьа. Цуьнан мут1еламаш хьоьжуш а лаьтташ мархано Иза д1аваьккхира церан б1аьргашна дуьхьлара.
4
Цу хенахь дуьйна керстанашна дагахь ду Цо д1а а веана д1адуьгура ду алар. 1исас, ша ларвеш воццучу хенахь вог1ура ву Ша, аьлла. Ткъа Иза вале беллачу керстанашна х1ун хира ду? Библино, уьш ма боддара 1иса волчу г1ура бу, боха. Дег1ах д1акъастар - Делаца хилар ду.
Лордаца хуьлу
5
Схьадийцар, Библин т1аьхьхьара книга ю. Цо дуьцу, мел хаза ю Стигланаш. Уггар а хазаниг Уьш Делан хаза ц1а хилар ду, къаьсттинчу маь1анехь. Дела массанхьа а ву, амма цуьнан коьрта меттиг сиглахь ю.
6
Маликаш а, кхинйолу стигланийн х1уманаш а Далла хастам беш ю стигланашкахь. Из-за лелош бу массо а бала а белла Стигланашка хьалабахана нах а. Цара Далла ша кепара хастаман эшарш лоькху.
7
Ца лоькхучу цхьана эшаран дешнаш х1орш ду: ХЬУНА ДОГ1УШ ДУ, Х1УНДА АЬЛЧА АХЬА ХЬАЙН Ц1ИЙЦА ЭЦНА Х1ОРА А ТАЙПАНАРА, МЕТТАНИЙН А НАХ. ТКЪА АХЬ ЦАРАХ ПАЧЧАХЬАШ А МОЛЛАНАШ А БИНА ВАЙН ДЕЛАН ДУЬХЬА. (Схьадийцар 5:9)
8
Т1еххьара Библин аг1онаша “Керла Иерусалим санна” ю бохуш юьйцу Стигланаш. Иза, гонаха даккхий пенаш а долуш, ч1ог1а йоккха ю. Пенаш кристалл санна ценачу яшма т1улгах дина ду.
9
Мехала т1улгех д1ахьулдина пенаш хуьла, б1ес-бесара лепа а лепаш. Шахьаран х1ора не1 дийначу а, ц1еначу а жовх1арх йина ю.
10
И хаза доккхий кевнаш цкъан цкъа а д1а а ца къовлу. Чу а г1ой д1асса хьовсий вай? Стигланаш чохь кхин а хаза ю. Шахьар аьнгали санна ц1еначу деших йина ю. Урамаш а ду деших дина.
11
Хаза ц1ена син хи ду Делан ц1а чуьра охьадог1уш. Х1ора берд т1ехь син дитт ду, Эдеман бешахь хилла долу. Иза ч1ог1а шакепара дитт ду. Цунна т1е шийтта кепара стом лета, х1ора а беттан тайпана. Ткъа цу дитт т1ера г1аш къаьмнашна г1оле ян лерина ду.
12
Стигланашкахь я малх а, я серло а ца оьша. Делан Сийлалло массо х1уманна а хаза серло туху. Буьйса цигахь яц.
13
Дийнаташ а ю Стигланашкахь шакепара. Уьш массо а тийна а бертахь а ю. Берзалой а, 1охарий а цхьана ежаш ю бай т1ехь. Бурса лоьмаш а ду гомаш санна докъар дууш. Дала боха: “Сан латтан т1ехь цхьаммо а зен дийра дац царна”.
14
Д1асхьа хьаьжчи, вайна Стигланашкахь цхьайолу х1уманаш ца го. Цкъан-цкъа а ца хеза вон дешнаш. Цхьан а леташа, шена лууриг дан г1ерташ а цахуьлу. Не1арш т1ехь дог1анаш а ца хуьлу, х1унда алча Стигланашкахь къуй бац. Аьшпаш буттурш, нах бойурш, бозбунчалш лелориш а, я кхин болу телхина нах а бац. Стигланашках цхьан а къа дац.
15
Делаца Стигланашкахь кхин б1аьрхиш дац. Наггахь Делан нах боккха церан дахарехь сингаттам бог1ий боьлху. Сигланашкахь Дала церан б1аьргаш т1ера х1ора т1адам д1абоккхура бу.
16
Уггар диканиг Стигланаш, Керста 1исах тешаначу, Цунна гола х1иттинчу, шайн Дела хеттачу к1енташна а, маьхкаршна а (баккхийчарна а) йина ю. Стигланашкахь книга ю. Цунах Агнцан дахаран книга олу. Цу т1ехь дукха адамийн ц1ераш ю. Хьенан ц1ераш ю хаий шуна цу т1ехь?
Дериг а шайн дахар Керста 1исах тешаш д1аяьхьанчеранаш ю-кх.
Ламби дахарх книга
17
Библин Стигланех льацна т1аьхьхьара дешнаш хаза кхайкхам бу. “Сино а, Нускало а ‘Схьавола!’ боха. Ткъа хезначо олийла: ‘Схьавола!’ Луург схьавог1ийла, луучо син хи иштанехьа схьаоьцийла.”
Схьайола
18